ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№150 (24.432) ● 2022 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

# ХъуэпсапIэхэм я псей



**Республикэм и УнафэщI КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым щригъэжьащ «ХъуэпсапIэхэм я псей» илъэсыщIэ псапащIэ Iуэхур. Псоми зэрытщIэщи, «Дызэгъусэщ» доброволецхэм я щIалэгъуалэ форумым и жэрдэмкIэ а урысейпсо лэжьыгъэр 2018 гъэм къызэрагъэпэщащ икIи къэралым и Президент Путин Владимир и дэIэпыкъуныгъэкIэ йокIуэкI.**

«ХЪУЭПСАПIЭХЭМ я псей» республикэ Iуэхур, блэкIа илъэсхэми хуэдэу, дызэрыт гъэми къызэрызэрагъэпэщам папщIэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ яхуищIащ волонтёр лэжьыгъэм зегъэужьынымкIэ ресурс центрым. Абыхэм КъБР-м и Правительствэм и Унэм и пэшышхуэм «ХъуэпсапIэхэм я псейр» щагъэуващ икIи абы фIадзащ социальнэ IуэхущIапIэхэм щапIыж, зи Iэпкълъэпкъым сэкъат зиIэ, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэм, гъащIэм и гугъуехь зэмылIэужьыгъуэхэр къызылъыкъуэкIа унагъуэхэм ящыщхэм лъэIу зэхуэмыдэхэр иту къагъэхьа тхыгъэхэр.

Республикэм и Iэтащхьэм апхуэдэ тхыгъэ зыбжанэ псейм къыфIихащ, цIыкIухэм я хъуэпсапIэхэр игъэзэщIэн папщIэ. КIуэкIуэ Казбек щIыгъуу псапащIэ Iуэхум хэтащ депутатхэр, Правительствэм и лэжьакIуэхэр, ди щIыналъэм щыIэ федеральнэ органхэмрэ хабзэхъумэ органхэмрэ я унафэщIхэр, республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

Сабийхэм я хъуэпсапIэхэр Илъэсыщlэр къэмыс щIыкIэр къайхъулIэнущ.



# Парламентархэм я гулъытэ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ я пашэу «ХъуэпсапIэхэм я псей» урысейпсо псапащIэ Iуэхум жыджэру къыхыхьащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и депутатхэр. Абыхэм ИлъэсыщIэм ипэ къихуэу сабийуэ 150-м щIигъум я гукъыдэжыр къаIэтынущ.**

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Унэм щагъэува псейм депутатхэм ящыщ дэтхэнэми къыфIихащ гулъытэ нэхъ зыхуэфащэ сабийхэм къагъэхьа лъэIухэр зэрыт тхыгъэр.

Егоровэ Татьянэ зэрыжиIамкIэ, мы илъэсыщIэ Iуэхум мыхьэнэ хэха иIэщ, сыту жыпIэмэ нэхъыжьхэм я дэIэпыкъуныгъэр хуэгъэзащ зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм я бынхэм я гукъыдэжыр къэIэтыным.

- Сэ къысIэрыхьа конвертхэм дэлъщ илъэсипщI зи ныбжь Къантемыр, апхуэдиз дыдэ хъуа ФатIимэ, илъэситхум ит Давид сымэ я лъэIухэр икIи ахэр сэ ИлъэсыщIэ махуэшхуэм ирихьэлIэу Iэмал имыIэу згъэзэщIэнущ. Си дежкIи хэхауэ гуапэщ а сабийхэр згъэгуфIэну къызэрыслъысар. ИкIи си Iыхьлыхэми хуэдэу ахэр зэрызгъэгуфIэфынум си щхьэкIэ сыщогуфIыкI. Шэч хэлъкъым дэтхэнэ сабийри насыпыфIэу, гурыфIыгъуэ и куэду псэумэ, дэри ди гурыфIыгъуэм зэрыхэхъуэм. Нобэ гугъу ехь цIыкIухэри фIым хуоплъэ икIи ахэр зыщIэхъуэпсхэр къайхъулIэн папщIэ тхузэфIэкI къэдгъэнэнкъым, - жиIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и унафэщIым.

«ХъуэпсапIэхэм я псейр» Правительствэм и Унэм щагъэуващ икIи абы фIэлъ тхыгъэхэм ящыщ гукъыдэж зиIэ дэтхэнэ зыми къыфIихыу лъэIур къызыбгъэдэкIа сабийр игъэгуфIэ хъунущ. 2018 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и щIыналъэм ИлъэсыщIэ къэс къыщызэрагъэпэщ мы псапащIэ Iуэхум гулыцI зиIэ цIыху минхэр къыхохьэ.

# Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр ди къарум и хэкIыпIэщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ ФедерацэмкIэ Советым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм.**

СВЯЗЫМ и видеоконференц Iэмалхэр къигъэсэбэпри Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Лъэпкъ зэхущытыкIэхэр гъэтэмэмыныкIэ лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я мыхьэнэм теухуауэ» ФедерацэмкIэ Советым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и советым къызэригъэпэща зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщIым и къуэдзэ Косачев Константин.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Косачев Константин жиIащ: «ЦIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр хъумэнымрэ ар гъэбыдэнымрэ Урысейм и дежкIэ мыхьэнэ хэха яIэщ, сыту жыпIэмэ зыхуэбгъэдэн щымыIэ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ ди къэралым и бийхэм я нэм къыщIэуэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абыхэм, укIытэ лъэпкъ яхэмылъу, зэIухауэ зыхуагъэзэувыж «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр колониальнэ пщылIыпIэм къишыным», къэралыр зэхэгъэлъэлъэным хуэунэтIа мурадхэр. Апхуэдэ псалъэмакъхэр абыхэм къыщаIэтыну хущIокъу урысей щIыналъэхэм, щIалэгъуалэр нэхъ дэзыхьэх социальнэ сетхэм».

КIуэкIуэ Казбек а зэIущIэм къыщыщыпсалъэм хэхауэ къигъэлъэгъуащ: «Ди къэралышхуэм ис зэкъуэш лъэпкъхэм я хабзэ нэхъыфIхэр къызэтегъэнэным, ахэр гъэбэгъуэным къыдэкIуэу зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ гъэбыдэнырщ дэ къарурэ зэфIэкIрэ къыдэзытыр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ 80-м щIигъум къахэкIахэр щопсэу. Абыхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкI лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм. Иджыпсту республикэм щыIэщ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэу 68-рэ, абыхэм ящыщу лъэпкъ щэнхабзэ центрхэр 14 мэхъу».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэпIэзэрыту щрагъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм жыджэру хэтщ лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэр. ФедерацэмкIэ Советым и нобэрей зэIущIэм и пэ къиухуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ фейдэ къэлэжьыным пымыщIа организацэхэм я граждан зэхыхьэшхуэ. Мыхьэнэ хэха зиIэ а Iуэхум кърихьэлIащ къэрал властым и органхэм, дин зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, волонтёр, псапащIэ жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр, экспертхэр - псори зэхэту лIыкIуэ 300-м нэблагъэ. Мы зэхыхьэшхуэм и утыкухэм щытепсэлъыхьащ граждан жылагъуэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэным, фейдэ къэлэжьыным пымыщIа организацэхэм, къэрал властым и гъэзэщIакIуэ, законхэр къыдэзыгъэкI органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIыр къэралым ис лъэпкъхэм я хабзэ нэхъыфIхэр гъэбэгъуэным хузэщIэгъэуIуэным.

Республикэм и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр управленэм и IэнатIэм быдэу зэрыпыщIар: «Фейдэ къэлэжьыным пымыщIа организацэхэр зыубгъуауэ хэтщ къэралым ис лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, ахэр гъэбэгъуэным хуэгъэза къэрал политикэм и унэтIыныгъэу Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм къигъэлъэгъуахэр дэгъэкIыным. Къэралым и лъэпкъ политикэр пхыгъэкIыным жылагъуэ лIыкIуэхэр къыхашэ икIи ахэр холэжьыхь чэнджэщэгъу орган зэмылIэужьыгъуэхэм, Жылагъуэ палатэмрэ советхэмрэ, лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэм я IуэхукIэ комиссэхэм».

«Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным телэжьэн папщIэ республикэм зыхуеину закон лъабжьэхэр щызэтрагъэуващ, - жиIащ щIыналъэм и УнафэщIым. - Зыхуэфащэ республикэ программэ къащтащ, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэр тхыдэм и фэеплъхэр хъумэным пыщIа Iуэхухэм жыджэру холэжьыхь. Фейдэ къэлэжьыным пымыщIа организацэхэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэр гъэтэмэмыным хуэунэтIауэ къыхалъхьэ жылагъуэ проектхэр республикэм грантхэмкIэ щыдаIыгъ. Мы лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыным, апхуэдэу къэралым и унафэщIхэм ирагъэжьа дзэ операцэ хэхар ядэIыгъыным хуэунэтIа Iуэхухэр».

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и советым и зэIущIэм хэтащ ФедерацэмкIэ Советым НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, Забайкальскэ крайм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лIыкIуэ Жамсуев Баир, ФедерацэмкIэ Советым Федеральнэ къэрал ухуэкIэмкIэ, щIыналъэ политикэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ, Ищхъэрэ лъэныкъуэм и IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, Саха (Якутие) Республикэм и къэрал властым и лIыкIуэ, законхэр къыдэзыгъэкI органым и лIыкIуэ Акимов Александр, Урысей Федерацэм и сенаторхэу Отке Аннэ, Белоусов Михаил, Гусев Денис, Терентьев Александр, Гусаковский Александр, Къэрал Думэм, Лъэпкъ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм, Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм, «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» урысейсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Урысейм ис белорусхэм я федеральнэ лъэпкъ-щэнхабзэ автономие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм къыщапсэлъахэм япкъ иткIэ ягъэхьэзырынущ властым и органхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ яхуэгъэза чэнджэщ пыухыкIахэр.

# Щэнхабзэр гъуазэу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм.**

ЗЭIУЩIЭР ирагъэжьащ фIыщIэ псалъэкIэ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур щыдгъэлъапIэм, Творческэ интеллигенцэм я фIыгъэкIэ, дауэдапщэхэр дахэу, гукъинэжу, щэнхабзэми жылагъуэми лъэужь дахэ къыханэу екIуэкIащ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. Абы и гуапэу я цIэ къриIуащ а Iуэхугъуэхэр жану зэфIэзыгъэкIахэм икIи «КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 ирокъу» фэеплъ медалхэр яритащ.

«Зэманыр и пIэ иткъым, лъэпкъыпсэм зезыгъэузэщI щэнхабзэм и мыхьэнэр нэхъри къэIэтыным теухуауэ иджыри Iуэхушхуэхэр къытпэщылъщ. Ди щэнымрэ хабзэмрэ гъуазэ нэхъыщхьэу дыкъэгъуэгурыкIуащ, абы дыхиIэтыкIыу, дигъэдахэу. Къухьэпlэ дуней тетыкIэр щапхъэ яхуэхъуу, ди щIэблэр гъуэгу захуэм темыкIын, ар екIуу дгъэсэн папщIэ, ди щэнхабзэм гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ, абы нэхъри зегъэужьыпхъэщи, къалэнышхуэхэр ди пщэ къыдэхуэу къызолъытэ. Ди акъылыр зэтрахуну, мыхъумыщIагъэ къытхапщэну хэту мызэ-мытIэу ди къэралым къебгъэрыкIуащ. Ауэ иджы нэхъри щIагъэхуабжьэ апхуэдэ лэжьыгъэр. Урысей къэралыгъуэр зэкъуэтынымрэ щхьэхуитынымрэ лъабжьэ яхуэхъуу ди щыIэкIэ-псэукIэмрэ ди щэнымрэ дывгъэхъумэ. Демократием и телъхьэу жаIэу, къухьэпIэм и унафэщI «пэрытхэм» цIыхум и хуитыныгъэм къыщхьэщыж хуэдэурэ, хабзэншагъэр, хьэлыншагъэр, щхьэхуещэр къытхалъхьэну, унагъуэ ухуэкIэм и хабзэхэр къакъутэну хэтщ, цIыхум и щыIэкIэ-псэукIэр нэджэIуджэ ящI. Ди къару къызэрихькIэ, ерыщу дыпэщIэтын хуейщ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм. Ди щэнхабзэм, тхыдэм, фIэщхъуныгъэм дахагъэу хэлъым зедгъэужьмэ, дыкъызэрызэтенэнур быдэу си фIэщ мэхъу. Аращ зыхуэгъэзари Президент Путин Владимир иригъэкIуэкI къэрал политикэр», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.



Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэбелджылыкIащ лъэпкъ узыншэм щэнхабзэр и гъуазэу зэрыщытыр: «Къытхуагъэува къалэнхэр гъэзэщIэным псори хэлIыфIыхьын хуейщ: унафэщIхэри, жылагъуэри, еджапIэхэри, егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэри. Мыхьэнэшхуэ иIэ мэхъу щэнхабзэм. Дэ иджыри пыухыкIауэ дегупсысыпхъэщ ди гъащIэр абы зэредгъэубзыхун, цIыхухэм я дуней тетыкIэм, къэралым, унагъуэм, адэ-анэм зэрыхущытым, щIэблэр зэрагъасэм, нэхъыжьым кIэлъызэрахьэ пщIэм теухуауэ ар гъуазэ зэрытщIыну щIыкIэм. КъытщIэувэ щIэблэм литературэр, музыкэр, театрыр къэдгъэсэбэпурэ гъэсэныгъэ дахэ зэрыхэтлъхьэным девгъэгупсыс дызэщIыгъуу. Сыту жыпIэмэ, ахэр нобэрей гъащIэм къигъэув зэхъуэкIыныгъэхэм лъэ быдэкIэ ебэкъуэн, къызэтенэн хуейщ».

КIуэкIуэм зэIущIэм къыщиIэтащ щэнхабзэм епха Iуэхугъуэ зыбжанэ. Республикэм и Iэтащхьэм гу лъитащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм я улахуэр хэгъэхъуэн зэрыхуейм. Апхуэдэу, 2023 гъэм къаIэтынущ щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэр. КIуэкIуэм жиIащ творческэ проектхэм хуаутIыпщ грантхэмрэ щэнхабзэм и узэщIакIуэхэм ират стипендиемрэ хэгъэхъуэн зэрыхуейри.

КъищынэмыщIауэ, Iэтащхьэм къыхигъэщащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я лэжьыгъэр нэсу ягъэзэщIэн папщIэ, зыхуэныкъуэ псомкIи къызэрызэгъэпэщыпхъэр. «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ, КъБР-р илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр техникэкIэ къызэщIаузэдащ, къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэр, библиотекэхэр, гъуазджэхэмкIэ еджапIэхэр, театрхэр, музейхэр зыхуей хуагъэзэжащ, къагъэщIэрэщIэжащ, унэщIэхэр яухуащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин жиIащ КИФЩI-м и щIыналъэхэр щызэпеуа «Пушкинская карта» Iуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрым етIуанэ увыпIэр къызэрыщихьар, мы гъэм картэу мин 36-р къызэрагъэсэбэпар. КъищынэмыщIауэ, министрыр тепсэлъыхьащ театрхэр, музейхэр республикэм и куейхэм кIуэурэ зэрызыкъыщагъэлъэгъуам.

КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ щIалэгъуалэр щэнхабзэм дегъэхьэхын зэрыхуейр. Абы теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ гъуазджэхэмкIэ еджапIэхэр зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщыпхъэр, зэманым къезэгъ утыкухэмрэ творческэ проектхэмрэ куэду щыIэн зэрыхуейр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Жэуаплыныгъэр нэхъыбэ ещI

**КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ я паспортхэр къыщратащ зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа ныбжьыщIэ 30-м. Абыхэм яхэтт Урысей Федерацэм къыхыхьа Херсон щIыналъэм щыщ Ступановэ Вероникэрэ Руденкэ Владиславрэ.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** жиIащ ныбжьыщIэхэм махуэр ягу къызэринэнум шэч къызэрытримыхьэр. «Тхыдэ, щэнхабзэ къулей зиIэ, хабзэхэр щагъэлъапIэ къэралым и паспорт къызэрыфIэрыхьэр фи гъащIэм гукъинэж нэхъыщхьэу щывиIэнум ящыщщ. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Хэку лъэрызехьэу дызэрыщытым ди япэ итахэм я гуащIэ зэрыхэлъыр, мыпхуэдэ гъащIэ дахэри щIэблэм къытхуэзыгъэнарахэрауэзэрыщытыр. Ауэ адэкIэ ди псэукIэ хъунур нэхъыбэу зэлъытар фэращ, - жиIащ Егоровэм. - Нобэ ди гуапэу къедгъэблэгъащ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, спортым, щэнхабзэм, жылагъуэ Iуэхум къыщыхэжаныкIхэр. Апхуэдэуи ди гуапэщ Урысей Федерацэм и щIыналъэщIэм - Херсон областым - щыщ щIалэгъуалэри дызэригъусэр. Фи япэ лъэбакъуэхэр ехъулIэныгъэкIэ къызэрыщIэвдзам хуэдэу, адэ-кIи фегугъун хуейщ текIуэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр зэрызыIэрывгъэхьэнум. ЩIэныгъэ, щэнхабзэ, хьэрычэт Iуэху, спорт, гъуазджэ, политикэ иIэкъым - къыхэфхынур сыт хуэдэ унэтIыныгъэрами, нэхъыщхьэр абы гурэ псэкIэ фызэреувэлIэн хуейрщ. Мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ Хэкур фIыуэ флъагъуу, абы и зыужьыныгъэм фыхущIэкъуу зэрыщытыпхъэм. Нэхъыжьым пщIэ зэрыщыхуащIымкIэ, нэхъыщIэм зэрыхуэсакъымкIэ, апхуэдэуи захуагъэм и телъхьэу зэрыпсэумкIэ лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралыр сыт щыгъуи адрейхэм къахэщу къэгъуэгурыкIуащ. Сыщогугъ а хабзэфIхэм фэри пыфщэну.

Егоровэ Татьянэ фIыщIэ псалъэхэр яжриIащ сабийхэм я адэанэхэм, ахэр езыгъаджэхэм. Апхуэдэуи ар еджакIуэхэм ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэшхуэхэр яIэну, Урысейм хуэфащэ цIыху къахэкIыну.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат** щIалэгъуалэм щехъуэхъум къыхигъэщащ зэхуэсыр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу къызэрилъытэр. «Мыпхуэдэ щIалэгъуалэ дахэ дызэриIэр щытлъагъукIэ, ди къэралым и къэкIуэнури зэрыфIынур ди фIэщ мэхъу. Нобэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым икъукIэ псалъэ Iущхэр къывжиIащи, абыхэм фызэрытетынум, нэхъ лъэщ, нэхъ Iущ фызэрыхъунум сыт щыгъуи фыхущIэкъу», - жиIащ Къардэным.



ЕджакIуэхэм ехъуэхъуащ КъБР-м и МВД-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Къэрэнашэ Аслъэни**. «Урысей Федерацэм и дэфтэр нэхъыщхьэр КъБР-м и Парламентым къызэрыщыватым къегъэлъагъуэ фи ныбжьым ехъулIэныгъэшхуэхэр зэрызыIэрывгъэхьар. Фыщалъхуам, фызыпIахэм, къэралым хуэфэщэн цIыху фыхъуну си гуапэу сыныволъуэхъу», - жиIащ абы.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Къумал Заурбэч** еджакIуэхэм ехъуэхъуащ я махуэ дахэмкIэ икIи сыт щыгъуи хъуэпсапIэхэр яIэу, абыхэм хущIэкъуу щытын зэрыхуейр зыщамыгъэгъупщэну яжриIащ. Депутатым абыхэм щапхъэу къахуихьащ Егоровэ Татьянэ IэнатIэ лъагэм зэрылъэIэсыфамрэ Къардэн Мурат 2000 гъэм Сидней щекIуэкIа Олимп джэгухэм алыджурым бэнэкIэмкIэ текIуэныгъэ къызэрыщихьауэ щытамрэ.

- ИкъукIэ сегъэгушхуэ мыпхуэдэу Iэтауэ ди дэфтэрыр нобэ къызэрыдатам. Ди къалэнхэр дяпэкIэ зэрынэхъыбэр, жэуаплыныгъэ зэрытхьыр зыхызощIэ. Фыкъызогъэгугъэ сыкъызыхэкIа лъэпкъыр, си щIыналъэмрэ къэралымрэ фIыуэ слъагъуну, абыхэм зэрысхузэфIэкIкIэ сащхьэпэну, - жиIащ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №28-м щIэс **Дохъушокъуэ Данитэ**.

Май къалэм и курыт школ №5-м и еджакIуэ **Товов Альбертрэ** Налшык къалэм и лицей №2-м щеджэ **Дол Темиррэ** жаIащ паспортыр КъБР-м и Парламентым зыщратахэм зэрахэхуам зэрыщыгуфIыкIыр, Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ зэрыхуащIыр.

Егоровэ Татьянэ щIалэгъуалэм ехъуэхъуащ илъэсыщIэ къэблагъэмкIи. Абы дыщIигъуащ дызытехьэну гъэр мамыру, узыншагъэ быдэ яIэу щIэблэм я щIэныгъэм зэрыхагъэхъуэным и ужь итыну зэригуапэр.

Зэрыхабзэу, зэIущIэр зэхуащIыжащ Урысей Федерацэм и къэрал гимнымкIэ. Депутатхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Финансхэр зегъэкIуэным пыщIа хьэгъэщагъэхэр къызэпаудынущ

**Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Чайкэ Юрий иригъэкIуэкIащ финансхэр зэблэгъэкIыным пыщIа хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ. Связым и видеоконференц Iэмалхэр къигъэсэбэпри абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ цIыху щхьэхуэхэмрэ организацэхэмрэ я ахъшэр зэблэгъэкIыным пыщIа хьэгъэщагъэхэр псэупIэкоммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ я IэнатIэхэм къыщымыгъэхъуным.

Чайкэ Юрий зэрыжиIамкIэ, экономикэм а и IэнатIэхэм щыIэ гугъуехьхэм экономикэ шынагъуэншагъэр къызэрагъэтIасхъэр округым исхэм я нэхъыбапIэм я псэукIэм зэран хуохъу. Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым иджыпсту щыщыIэ щытыкIэм къегъэлъагъуэ къагъэсэбэпа энергием и уасэр нэсу мытынымкIэ, тарифхэр щхьэусыгъуэншэу къэIэтынымкIэ, подряд IуэхущIапIэхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэхэр мытэмэму, нэхъыбэу тхынымкIэ гъэпцIагъэхэр куэдрэ зэралэжьыр. Апхуэдэ хьэгъэщагъэхэр къызэпыудыным зэщIыгъуу елэжьын хуейщ зыхуэфащэ IуэхущIапIэ псори.

**● КъБР-м и Правительствэм**

# ЦIыхум зы мазэм нэхъ мащIэ дыдэу къыIэрыхьэн хуей ахъшэм хохъуэ

**Дыгъэгъазэм и 16-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэIущIэ щекIуэкIащ.**

Абы щыхэплъащ республикэм и дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэу 18-м. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**.

КъБР-м щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн** и гугъу ищIащ къэрал мылъкум хыхьэхэр бэджэнду къэзыщтэ цIыху щхьэхуэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ (щIы Iыхьэхэм нэмыщI) бэджэнд уасэр щратын хуей пIалъэр хуагъэIэпхъуэну зэрыхьэзырым.

Тэхъум зэIущIэм щыжиIащ кIэрыхубжьэрыхухэр зэхэхауэ зэрыралъхьэнум хуэщIа контейнеру Дзэлыкъуэ щIыналъэм - 700, Прохладнэм - 600 зэрыратар. Псори зэхэту абыхэм сом мелуанипщIым щIигъу я уасэщ.

КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр **ЩоджэнцIыкIу Мурат** я гугъу ищIащ Къэбэрдей - Балъкъэрым и зыгъэпсэхупIэхэм зегъэужьыным ехьэлIа къэрал программэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм. Ахэр къэшащ федеральнэ мылъкум къыхэкIыу сом мелуан 256-м щIигъу туризмэм зрагъэгъэужьыну министерствэм къызэрыратам.

ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ республикэм и министр **Шаваев Ильяс** зэрыжиIамкIэ, мы гъэм ди къэралым и щIыналъэ 12-м, Къэбэрдей-Балъкъэрри хэту, я мэзылъэ щIыпIэхэм мафIэс къыщамыгъэхъуу яхъумэфащ. А лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну я мурадщ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** цIыхум зы мазэм нэхъ мащIэ дыдэу къыIэрыхьэну ахъшэм 2023 гъэм зэрыхэхъуэр жиIащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, гъэ къакIуэ зы цIыхум дежкIэ ар сом 15381-рэ хъунущ. ЦIыху лажьэм ейр сом 16765-рэ, пенсэм тIысыжахэм - 13228-рэ, сабийхэм - 16769-рэ. Гъэ кIуам елъытауэ ар процентu 3,2-кIэ нэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и пэщIэдзэ классхэм щеджэхэм я шэджагъуашхэм федеральнэ, республикэ мылъкухэм къахэкIыу 2023 гъэм сом мелуан 600 трагъэкIуэдэну хухахащ. Къыхэгъэщыпхъэщ школакIуэхэр щIэщыгъуэурэ ягъэшхэну зэрамурадыр (зы махуэм къриубыдэу е махуэ зэкIэлъхьэпытым зэмыщхьу яхуэпщэфIэнущ). Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэм щIэс сабий мин 52-рэ пщIэншэу ерыскъы хуабэкIэ школхэм щагъашхэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ гугъуехь хэхуа цIыхухэм мылъкукIэ ядэIэпыкъуным, КъБР-м щыпсэухэр псэуалъэрэ коммунальнэ IуэхутхьэбзэкIэрэ къызэгъэпэщыным хуэгъэпса унафэхэм, нэгъуэщIхэми.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



# Гъуэгу махуэ, куэдкIэ дызыщыгугъ ди щIалэгъуалэ!

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъэгъазэм и 15-м республикэм ис щIалэгъуалэ жыджэрхэм яIущIащ. Ар теухуауэ щытащ УФ-м и Президентым мы гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м Iэ зыщIидза федеральнэ унафэм. Абы ипкъ иткIэ, дыгъэгъазэм и 17-м щыщIэдзауэ 21-рэ пщIондэ Москва выставкэхэр щагъэлъагъуэ «Манеж» ут нэхъыщхьэм сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ щхьэкIэ къызэрагъэпэщ «Россия – страна возможностей» зэхыхьэшхуэр щекIуэкIынущ, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу.**

- Уэзэрыгушхуэнщ ди щIыналъэм хуэфащэ щIэблэ къызэрыщIэхъуэр, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Проект зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэщ «Россия – страна возможностей» япэ зэхыхьэм ягъэкIуэнухэр. Къыжыlапхъэщ, УФ-м и Президентым сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэфIэкIхэр къэгъэнэIуэным и IуэхукIэ мы зэманым куэд зэрилэжьыр. Фи ехъулIэныгъэхэр я щапхъэщ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм. ЩIалэгъуалэм къыфхуащI гулъытэр къэралым зэрызиужьым и нэщэнэщ. «Россия - страна возможностей» проектым япэу хэтыну зи насып къикIахэр тхыдэм фыхэхуащ. Фи проектхэм ехъулIэныгъэхэр къыпэкIуэну, фытекIуауэ къэвгъэзэжыну, узыншагъэ быдэ фиIэну сынывохъуэхъу!

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм ди щIыналъэм щиIэ къудамэм и советым унафэщI Шыпш Аслъэн зэIущIэм хэтхэм ехъуэхъуащ щIэблэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, тхыдэ къэхъугъэу къалъытэ апхуэдэ зэгухьэныгъэ япэу къызэрызэрагъэпэщамкIэ икIи ар зыубгъуауэ къытеувыIащ зэхыхьэм и программэр щIэщыгъуэу зэрекIуэкIынум, щIалэгъуалэр зыхэтыну Iуэхухэм. Шыпш Аслъэн КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуищIащ щIыналъэм и лIыкIуэу а зэIущIэм хэтыну гупым къахуищIа гулъытэм папщIэ икIи быдэу къигъэгугъащ республикэм щыпсэухэр къазэрыщыгугъымрэ щIалэгъуалэм кърагъэза дзыхьымрэ ягъэпэжыну. Абы и гуапэу и псалъэм къыхигъэщащ республикэм и лIыкIуэхэр нэхъ гупышхуэхэм зэращыщыр.

- Республикэм и еджакIуэ 70-м щIигъу КъБКъУ-м щызэхуэтшэсри, я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ щызэхъуажэ акъыл зэхэдзэ едгъэкIуэкIащ. Ари щхьэпащ Москва кIуэну ныбжьыщIэхэм зэхыхьэм зыхуагъэхьэзырыным, - жиIащ Шыпшым. – Гъуэгу махуэ, щIалэгъуалэ! Псори къыдэхъулIэнущ!

Зэхыхьэм хэтыну щIалэгъуалэм ящыщщ Налшык къалэм дэт гимназие №4-м и 11-нэ, дипломатическэ классым, щIэс Мэз Дамир. Ар тепсэлъыхьащ и проектыр зыщыщ унэтIыныгъэм - хамэ къэралхэм щиIэ ныбжьэгъухэмрэ пыщIэныгъэхэмрэ.

Яныкъуей къуажэм и курыт еджапIэ №1-м и 11-нэ классым щеджэ, нэгъабэ «Большая перемена» зэпеуэм щытекIуа Шаваевэ Аринэ Москва кIуэну гупым зэрыхэхуар насыпышхуэу къызэрилъытэр жиIащ икIи тепсэлъыхьащ медиа, творческэ IэнатIэм ехьэлIа и проектым иIэ мыхьэнэм. Интернетымрэ социальнэ сайтхэмрэ ныбжьыщIэхэр махуэ къэс зыщрихьэлIэ, фIыи, нэпцIи, мыхъумыщIагъи щызэхуэхьэса хъыбарыщIэхэр и пэжыпIэкIэ зэхагъэкIыфу есэн папщIэ ящIапхъэр яжриIэну и мурадщ абы. Аринэ къыхигъэщащ апхуэдэ зэхыхьэхэр я щIэныгъэм хагъэхъуэнымкIэ, Урысейм и щIыналъэ куэдым щыщхэр зэрыцIыхунымрэ ныбжьэгъу зэхуэхъунымкIэ зэрыщхьэпэр.

«Большая перемена» зэпеуэм хэт щIалэгъуалэм я унэтIакIуэ Айбазовэ Тамарэ жиIащ ди республикэм и еджакIуэ мин 16-м щIигъу я зэфIэкI еплъыжыну мы гъэм къриубыдэу зэхьэзэхуэм зэрызыщрагъэтхар, абы щыщу 9-р кIэух зэпеуэм зэрынэсар, тIу пашэ зэрыщыхъуар. Абы щытекIуа, Налшык къалэм и лицей №2-м и 11-нэ классым щIэс Красильниковэ Ульянэ и псалъэм къыхигъэщащ, къызэрыхалъхьэрэ куэд мыщIами, щIэныгъэр къыщалъытэ а зэхьэзэхуэм къэкIуэну дахэ зэриIэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, жьы хъуахэм ядэIэпыкъуным триухуа и проектыр зэрыпхыкIам и фIыгъэкIэ, Урысейм и щIыпIэ дахэхэм зыщиплъыхьыну Iэмал зэриIар.

- Ди къэралым и дипломатиер дуней псом щынэхъ пашэхэм ящыщу къекIуэкIащ. Мыбдеж къыщыпсэлъа щIалэщIэм хуэдэхэм абы пащэмэ, адэкIи дуней псом увыпIэфI зэрыщиIыгъынум шэч хэлъкъым. ЩIалэгъуалэм яIэрыхьэ хъыбарыщIэхэр пэж-пцIыкIэ зэхагъэкIыфын зэрыхуейри мыхьэнэшхуэ зиIэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - ЩIалэгъуалэр фыкъыхузоджэ жылагъуэм хуэщхьэпэну проектхэм гулъытэ хуэфщIыну, хьэрычэт Iуэхухэм фытегушхуэну, къэралым зывужьын папщIэ нобэ къывит Iэмалхэр къэвгъэсэбэпыну! Фи ехъулIэныгъэхэм дрогушхуэ! Хуей хъумэ, сыт щыгъуи дывдэIэпыкъуну дыхьэзырщ!

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Iэтащхьэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и советым хэт Маргъущ Залым, Ислъэмей къуажэм и курыт еджапIэ №3-м и унафэщI, «Флагманы образования, школа» урысейпсо зэпеуэм щытекIуа Къаскъул Иринэ. ЗэIущIэм я цIэ къыщраIуащ зэпеуэхэм къыхэжаныкIа еджакIуэхэм ядэIэпыкъуа егъэджакIуэхэм.

Мыбдеж зыкъыщагъэлъэгъуащ Москва щекIуэкIыну зэхыхьэм папщIэ ягъэхьэзыр концертым ди щIыналъэм щыщу хэтынухэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 17,**
***щэбэт***

♦**Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэуззэда и Къарухэм стратегие мыхьэнэ зиIэ я ракетэдзэхэм я махуэщ**

♦**Урысейм и Къэрал фельдъегер къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1936 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, адыгэхэм я деж печатым зэрызыщиужьам и къэхутакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **ХъуакIуэ Заур**.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, къэрал лэжьакIуэ **Шыхъуэстэн Абдулхьэмид**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я цIыхубэ артист **Нэхущ Чэрим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 18,**
***тхьэмахуэ***

♦**Iэпхъуэшапхъуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм езыхэм я шынагъуэншагъэмкIэ и къудамэм и махуэщ**

♦**Урысейм и ЗАГС IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1930 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Жамборэ Хьэсэнбий**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Виктор**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Урысейм ХудожествэхэмкIэ и академием, Испанием и сурэтыщIхэм я академием, ЩIДАА-м я академик **КIыщ Мухьэдин**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ политик, жылагъуэ лэжьакIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Федченкэ Людмилэ**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Линкор» дунейпсо компанием и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ **Щоджэн Iэуес**.

♦**1984 гъэм** къалъхуащ журналист, егъэджакIуэ **Щоджэн Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 19,**
***блыщхьэ***

♦**ХуэмыщIауэ псэухэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и къэрал къулыкъум и дзэ-тIасхъэщIэх IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1906 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адмирал, Ищхъэрэ, Балтие флотхэм я командующэу щыта **Головко Арсений**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Горькэм и цIэр зезыхьэ Дунейпсо литературэ институтым и профессор **Алий Аллэ**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ футболист Iэзэу щыта, СССР-ми РСФСР-ми я чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iэпщэ Александр**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Шынэ здэщымыIэм укIытэ щыIэкъым.**

# МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ: Илъэс мин зи ныбжь щIакIуэкIапэ

**ЦIыху лъэпкъыр дунейм къызэрытехьэрэ нобэр къыздэсым къикIуа гъуэгуанэр къат-къату зэтелъщ, лъэхъэнэ къэс зыр адрейм емыщхьу гъэпсащ, абы хэпсэукI лъэпкъхэми зыми хуэмыдэж щыIэкIэ къахь. Лъэпкъхэм, тхыдэ щIагъуэ къызэзынэкIа лIакъуэ цIэрыIуэхэм я лъабжьэр къыщежьэр зэгъэщIэныр, абыхэм къызэпача тхыдэ гъуэгуанэр къэхутэныр къызэрымыкIуэу гугъущ. Апхуэдэу щыт пэтми, абы узыIэпешэ, бджыну нэхъ гъэщIэгъуэни щыIэу къыщIэкIынкъым. ИкIи, сызэреплъымкIэ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ къыгуэхыпIэ имыIэу епхауэ щыIэныгъэмрэ цIыхумрэ къигъэлъэгъуэныр тхакIуэм и пщэрылъ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. БлэкIа зимыIэ цIыху щыIэкъым. Уи блэкIам уемыувалIэмэ, къэкIуэнур пхузэтеухуэнукъым. БлэкIамрэ къэкIуэнумрэ нобэрей махуэхэм я зы Iыхьэщ. Тхыдэм дыщIыхуэныкъуэр блэкIам къыхэна къэхъукъащIэхэр зэдгъэщIэн къудейм щхьэкIэкъым. Абы дызыщыщыр, дыкъызыхэкIар наIуэ тхуещI, пщэдейрей махуэм хуэкIуэ гъуэгур къытхузэIуех.**

МЫ IУЭХУГЪУЭХЭМ си фIэщу егупсысын зэрыщIэздзэрэ илъэс Iэджэ дэкIыжащ. Къэзахъстан хэгъэгум Совет литературэм и махуэхэр щекIуэкIырт. ЗэIущIэ зыбжанэ дыхэтауэ, щIыпIэ Iэджэм дыкъыщыпсэлъауэ, щыхьэрым - Алма-Ата - тхакIуэхэр дыщызэхуашэсыжащ. Совет къэралышхуэм хыхьэ хэгъэгу пщыкIуттхум къикIа хьэщIэхэр Iэнэшхуэм драгъэблэгъащ, щхьэж къыздикIа щIыпIэрэ литературэм щиубыд увыпIэрэ елъытауи тхакIуэхэр дагъэтIысащ. ХьэщIэ лъапIэхэм сэри сахэтт. Къыслъысар IэнэкIэми, ар гухэщIыгъуэу къысщыхъуатэкъым. Зэгуэр лъэпкъышхуэу щыта адыгэхэм, IэмыщIэщыз нэхъ мыхъужу адэжь лъахэм къина лъэпкъ мащIэм, сызэрилIыкIуэр къызгурыIуэрт.

Къэзахъстан щIыналъэм и Iэтащхьэ Кунаев Динмухьэмэд хьэщIэ къэс хъуэхъубжьэр яхуигъэфащэрт, дэтхэнэми и фIыщIэр къыхигъэщурэ, лъэпкъыбэм я псэкупсэ щэнхабзэм щиубыд увыпIэм тепсэлъыхьурэ. Си гур тегъэхуауэ тхакIуэхэм зэпагъэувэ хъуэхъубзэм седаIуэу сыщыст. Апхуэдэххэурэ пщыхьэщхьэр и кIэм нэблагъэ хъуащ. Iэнэм пэрысхэм, къанэ щIагъуэ щымыIэу, псалъэ иратат, щхьэж игу ихъыкIри къиIуэтат... Сэ сащыгъупщэжам хуэдэт, ар гущIыхьэ сщыхъуауэ сегупсысырт: «Аращ-тIэ, умащIэмэ, утхьэмыщкIэщ, щIыжаIар...»

Абдежым Кунаевым Iэнэм пэрысхэр псори нэкIэ къызэпиплъыхьащ. «Зэрыхабзэу, кIэух псалъэр жиIэжыну къыщIэкIынщ», - жысIащ сэр-сэру. Ауэ зэхэсхам сыкъигъэбырсыращ, гушхуэныгъи къысхилъхьащ.

«Ди хьэщIэхэм ящыщ зым псалъэ естыну сыхуейт, - ар жиIэри, Iэнэм телъ тхылъымпIэ кIапэр къищтащ, пыгуфIыкIыурэ щысхэм яхэплъэурэ. - Абы къыщIолъэIу и ныбжьэгъу тхакIуэхэр. Псалъэ изот ди къэралышхуэм щыпсэу лъэпкъ мащIэхэм ящыщ МэшбащIэ Исхьэкъ. Сыщымыуэмэ, ар Краснодар щIыналъэм хыхьэ Адыгэ автоном хэкум къикIащ».

Асыхьэтым Ермэлы хэгъэгум щыщ тхакIуэ Ханзадян Серго къэтэджри, макъ лъэщ хэIэтыкIакIэ жиIащ: «Кавказым къикIахэр псори фыкъызэщIэтаджэ!» Абы хэту Куржым, Ермэлым, Азербайджаным щыщ тхакIуэ цIэрыIуэхэр къызэфIэуващ.

- ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъу лъапIэхэр къызыхуэзгъэтэджар иджыпсту вжесIэнщ, - къыпигъэувэжащ и псалъэм Ханзадян Серго. - Иджыпсту зэхэфхынур Кавказым и лIыхъужь тхыдэм и макъщ. Нобэ лъэпкъ мащIэхэм ящыщщ зыхужаIа МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэщ. Адыгэхэр дунейм нэхъ лъэпкъыжь дыдэу тетхэм ящыщщ. Аркъудей лъэпкъ мащIэкъым ахэр, атIэ лъэпкъыжьщ, зэгуэр лъэрызехьэу щыта жылэжьщ. Щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэхъуэпс щIыкIэкIи, я цIыхугъэкIи, я лIыгъэкIи, я Iэщэ-фащэкIи адыгэхэр Кавказым и напэщ, и хабзэщ, и лIыхъусэщ. Аращ си хэкуэгъухэр къызэщIэтэджэну къыщIыхуезджар. Зи цIэ къисIуа адыгэ лъэпкъым пщIэ зэрыхуэтщIыр, лъытэныгъэ ин зэрыхудиIэр абыкIэ къэдгъэлъэгъуэну сыхуеящ.

СыбзыщIынкъыми, си лъахэ гупсэу Адыгэ хэкум апхуэдэ пщIэ къызэрыхуащIар схуэмыущэхуу сыпагэт. Илъэс куэд зэрыдэкIыжам къыхэкIыу, сыт хуэдэ хъуэхъу зэпызгъэувами сщIэжыркъым, си гур къилъэтыным ещхьу сызэрыгумэщIар пэжщ. Ауэ хьэкъыпIэкIэ сщымыгъупщэжу нэ-



гъуэщI зы сигу имыхужу илъщ: гуфIэгъуэ Iэнэм сыздэщысами, унэм сыкъетIысылIэжа нэужьи блэкIа жыжьэм си лъэпкъ къехъулIахэм, и щхьэ кърикIуахэм сегупсыс, ахэр гукIэ зэзгъэзахуэ сыхъуащ. НэгъуэщI гупсысапIэ симыIэж хъуащ, сызэрихуэу, къэслъыхъуэу сыхуежьащ. Адыгэхэм ящыщ гуэрым жиIэгъа зы псалъэ сигу къэкIыжащ: «Адыгэхэр зи къудамэхэр уафэгум хуэзыукъуэдий, зи лъабжьэр куу дыдэу щIым хыхьэж жыгыжьым хуэдэщ. Ди щхьэ ит уафэм и бгъуагърэ и куууагърэ къызэрыпхуэмыпщыным хуэдэу, адыгэхэм я тхыдэм и куууупIэхэри къыпхуэлъытэнукъым».

Адыгэхэмрэ урысхэмрэ зэхыхьэ зэрыхъурэ куэд дыдэ щIащ. ЛъэпкъитIым я зэхущытыкIэхэр щызэIыхьэ далэ уаехэр къэхъуами, зэхуаIэ хъуа зэпыщIэныгъэхэм зэщIэкIуэ зэрамыIэжынур лъэхъэнэ жыжьэхэм наIуэ щыхъуат. Ридадэрэ Мстиславрэ ятеухуа романым сыщелэжьырщ мыпхуэдэ гупсысэм сезышэлIар. Романыр щыстхым, а лъэхъэнэ жыжьэхэр зэIубз зыщI, нахуэу си пащхьэ къизыгъэувэж тхыгъэбэ седжэн хуей хъуат.

X лIэщIыгъуэм пасэрей адыгэхэр Урысейм сату IуэхукIэ якIэлъыкIуэу щIадзэ. Ар къэгъэнауэ, ЧерниговрэТIэмтIэрэкъейрэ япщ Мстислав и дзэм адыгэ-къуэшэгъухэр хыхьэу, XI лIэщIыгъуэм абы иригъэкIуэкI зауэхэм кIуэуэ хуожьэ. ЛъэпкъитIым я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэми щIэгъэхуэбжьауэ заубгъурт. Ищхъэрэ-Къухьэпlэ Кавказым чыристан диным зэрызыщиубгъуар зыкъомкIэ а зэпыщIэныгъэхэм епхащ. Дауи, адыгэ-урыс зэхущытыкIэхэм къэгъэзапIэ шынагъуэхэр мызэ-мытIэу къыхэкIырт, псори занщIэрэ бзэпсу екIуэкIыртэкъым.

«Лъэхъэнэ жыжьэхэм я тхыдэжь» тхыгъэм къыхощыж ТIэмтIэрэкъеипщ Мстислав адыгэ-къуэшэгъухэм 1022 гъэм зэратеуар. Тхыдэжьым зэхэхауэ къеIуэтэж Мстислав адыгэ-къуэшэгъухэм япщ Ридадэ зэребэнар. «Ридадэ» зыфIэсща си тхыдэ романри зытеухуар а хъугъэщIагъэрщ. СызэрытхакIуэр къапщтэмэ, 2022 гъэм илъэс мин ирикъуну а щIакIуэкIапэр сфIэмыгъэщIэгъуэнынкIэ Iэмал иIакъым.

Тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, къуэшэгъудзэм хэта дзэзешэхэм Ридадэ и уэсятыр хуагъэзэщIэжащ: пщым и щIыгухэри, и мылъкури, и щхьэгъусэри, и къуитIри Мстислав иратащ. Ридадэрэ щалъхуа лъахэмрэ гукIэ къызэрилъыхъуэм, и псэр зэрахуэзэшым къыхэкIыу, гуащэм мазэ бжыгъэ нэхъыбэ щигъэщIакъым хамэщIым, и дуней Iыхьэр къыщIэнэ быным щхьэкIэ нэпс щIигъэкIыу иухащ. Мстислави ищIа тхьэрыIуэм хуэпэжу къыщIэкIащ: 1022 гъэм ТIэмтIэрэкъей щIыгум Тхьэнанэ лъапIэм члисэ щыхуригъэгъэуващ. Абдежщ Ридадэ и къуэхэр абы щаумэхъар, чыристан диныр къащригъэщтар. Диным щихьэм, зым Юрий цIэр иратащ, адрейр Роман хъуащ. ЩIалэ нэхъыщIэми Мстислав и пхъур щхьэгъусэ хуэхъуащ. Ридадэ и къуэ Роман урысхэм лъэпкъыжьу къалъытэ куэд къытекIыжащ. Ауэрэ илъэсищэ бжыгъэхэр дэкIащ, Ридадэ и лъыр Урысейм и пщы, лIакъуэлIэш, уэркъ лъэпкъ куэдым ящIэт хъуащ.

ГъэщIэгъуэнращи, Ридадэ къытекIыжахэм я щхьэ кърикIуам, дуней тетыкIэу яIам ехьэлIауэ зы псалъэ закъуи тхыгъэжьхэм Iэджэрэ къыщыхэщакъым. Тхыдэтх цIэрыIуэ Карамзин Николай «Урысей къэралыгъуэм и тхыдэ» зыфIища и тхылъышхуэрщ япэ дыдэу Ридадэ и щылъхухэм я гугъур къыщыхэщыр. Карамзин а тхыгъэм мыпхуэдэу щетх: «Мэзкуу щыщ лIакъуиплIым Ридадэ пщышхуэм къытекIыжауэ зыкъалъытэж. Зи гугъу сщIыр Добрынскэхэрщ, Белеутовхэрщ, Сорокоум-Глебовхэрщ, Лопухинхэрщ. Абыхэм псоми РидадэкъуэкIэ (Редедевичи) йоджэ». Зи цIэ къисIуа лъэпкъхэм щIыгушхуэ яIыгъащ, мылъкушхуэ ябгъэдэлъащ, лъэрызехьэуи щытащ. Урыс пщыгъуэ цIыкIухэр зы къэралыгъуэу щызэгухьэжым, абыхэм Урысейм IэнатIэ лъагэхэр къарит, я псалъэмрэ я унафэмрэ пщIэ хуищI, пащтыхьым деж хуиту щIыхьэ, дзэзешэ цIэрыIуэхэр къахэкI хъуащ.

Ридадэ и къуэ Роман къытепщIыкIыжахэм ящыщщ Одинец АндрейкIэ зэджэ дзэпщыр. Ар Донской Дмитрий дзыхь зыхуищI и цIыху гъунэгъу дыдэхэм ящыщт. Андрей и къуэ Белеут пщы Василий Езанэм и блыгущIэтхэм яхэтащ. Роман и щIэблэм щыщщ Добрынский Константин дзэзешэ цIэрыIуэр. Урысейм пащтыхьыгъуэр илъэс щищкIэ щызыIыгъа Романовхэм тахътэр ирагъэубыдын щхьэкIэ Ридадэкъуэхэм куэд ялэжьащ.

Зэманыр кIуэтэхукIэ Ридадэ къытекIыжахэр багъуэурэ ялъкIэ, я хабзэкIэ, я дуней тетыкIэкIэ зыхэс урысхэм ящыщ хъужащ, абыхэм къаруи лъапси яхуэхъуащ. Мывэр мывэм еутэкIмэ, хъуаскIэ къыхедз. Ар къыщызэщIэрыуэкIэ, мафIэшхуэ мэхъу. Мис апхуэдэ мафIэ щIагъуэ хъуащ Ридадэ пщышхуэм и щIэблэм ящыщ Ушаков Фёдор. ГъэщIэгъуэн дыдэращи, Урысейм XIX лIэщIыгъуэм и кIэуххэм деж япэ дыдэу хым траутIыпщхьа кхъухьым «Къуэшэгъупщ Ридадэ» фIэщыгъэр иратауэ щытащ. Ушаков Фёдор хыдзэлI къызэрыгуэкIыу иригъажьэри, хыдзэм и пашэ хъуху къулыкъу ищIащ. Хы гущIыIум щекIуэкIа зауэхэм абы текIуэныгъэу къыщихьам, щытхъуцIэу къыхихам, тыгъэу къыщыхуагъэфэщам Урысейм и мызакъуэу, хамэ хэгъэгухэми цIэрыIуэ щащIащ.

Хыдзэпщым и ныбжьыр хэкIуэтауэ пащтыхь Павел Езанэм лъэIу тхылъ хуигъэхьауэ щытащ, ар Ридадэ и щIэблэм зэращыщым щыхьэт техъуэ къэрал тхылъ къритыну. Овчинников Владимир къыдигъэкIа «Ушаков Фёдор и къуэ Фёдор» къэхутэныгъэ хьэлэмэтым пащтыхьым хыдзэпщым кърит ыжа жэуапыр къыщыхьащ. «Пщы Владимир и къуэ Мстислав Ридадэ пщышхуэр иукIыгъащ. Ридадэ и къуэхэр чыристан диным къыщришэм, зым Юрий, адрейм Роман яфIищащ. Пщышхуэм и пхъур Роман щхьэгъусэу иритащ. Роман и къуэр Василийщ, абы Юрэ и цIэу къуэ иIэщ... Григорий и бынщ: Ушак, Лапоть, Крапотка, Илья, Алексей, Иуанышхуэр, Лев, Иуан цIыкIур...» Мы лIакъуэ жыгыр архив гъэтIылъыгъэхэм къыхахыжат, ар Ушаков Фёдор и лъапсэр Ридадэ зэрекIуэлIэжым щыхьэт техъуэрт.

ИужькIэ, 1804 гъэм Ушаков Фёдор пащтыхь Александр Езанэм лъэIукIэ зыхуегъазэ зыщыщ лъэпкъым и дамыгъэр Урысейм и лъэпкъыжьхэм я дамыгъэхэр зэрыт тхылъым хригъэгъэхьэну. «Къуэшэгъупщ Ридадэ дыкъызэрытекIам ехьэлIа хъыбарыр щIыгъуу ди дамыгъэр лъэпкъ тхылъым хебгъэтхэну сынолъэIу...», - етх Ушаков Фёдор.

Зыщыщ емылъытауэ, цIыхухэм къызыхэкIар къалъыхъуэу, къыздикIар къахутэу, абы и пэжыр хэIущIыIу ящIыну хущIэкъуу зэм-зэм щытыкIэ йохуэ. Ар къызыхэкIыр цIыхум и адэжьхэр зи хэтыр зригъэщIэну хуейуэ гукъыдэж зэриIэм и закъуэкъым, атIэ блэкIам ириплъэжмэ, къэкIуэнур илъагъуну, къащIэхъуэну щIэблэм пэжыр ялъигъэIэсыну, игъэгъуэзэну Iэмал иIэщи аращ.

Ридадэ и къуэ Роман къытепщIыкIыжахэм ящыщу пасэрей тхыгъэжьхэм япэ дыдэу зи цIэ къыхэщыр Сорокоум Юрий и къуэ Михаилщ. Ар мэзкуупщ Иван Калита и лъэхъэнэм боярин лъэрызехьэу щытащ. Сорокоумхэм я къудамэщ иужькIэ лъэпкъ щхьэхуэ хъужа Лопухинхэр. КъызэрыщIэкIымкIэ, Лопухин Фёдор ипхъу Евдокие Ридадэкъуэхэм ящыщщ. Ар 1689 гъэм Пётр Езанэм и щхьэгъусащ, Урысейм и пащтыхь гуащэу щытащ.

Лопухинхэ я лъэпкъыр, пащтыхьым благъэ щыхуэхъум, фIыуэ хэIэтыкIа хъуащ. Пэжщ, армырми ахэр цIэрыIуэт икIи гуащIафIэт. Лъэпкъым щыщ цIыху 30-м IэнатIэ лъахэр яIэу пащтыхьым къулыкъу хуащIэрт. БгъэщIэгъуэну щыткъым Ридадэ и лIакъуэм щыщхэм - пщыхэми лIакъуэлIэшхэми - я гъащIэр дзэ къулыкъум ирапхыу зэрыщытар, ар я IэнатIэу къызэрыгъуэгурыкIуар. Лопухин лъэпкъым мыхьэнэшхуэ иритырт лIыхъужьыгъэм, напэм, пэжыгъэм. ИкIи дзэм къулыкъу щызыщIэну я щIалэхэм а щэнхэр яхэлъын хуейуэ нэхъыжьхэм ткIийуэ къыхуагъэувырт. Пащтыхь гуащэ Екатеринэ Езанэм 1769 гъэм къызэригъэпэщауэ щыта Аущ Джэрджий и орденыр япэ дыдэу зыхуагъэфэщахэм Лопухин Степан и къуэ Авраам зэращыщыр къыхэгъэщын хуейщ. Апхуэдэ дамыгъэ лъапIэр зауэлIхэм щыхуагъэфащэр зэзэмызэххэт, зратри зихуэдэ щымыIэ лIыхъужьыгъэ зауэм щызезыхьэхэрат. Лопухинхэр шынэ зымыщIэ зауэлIу щытахэщ, лIыгъэ яхэлът, шыщхьэмыгъазэт.

Ридадэ къытепщIыкIахэм ятеухуауэ къыжысIахэр псори тхыдэм къыхэсхыжа пычыгъуэ кIэщI защIэщ. Ахэр илъэс мин хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ Пепау бгы лъапэм деж щIакIуэкIапэ щызэдытеува пщитIым деж къыщежьэ лъагъуэщ. Къуэшэгъупщ Ридадэ и щIэблэр хы ФIыцIэмрэ хы Хужьымрэ я зэхуакум лъагэу зыщызыIэта жыгыжьым и къудамэшхуэщ.

Хэт игугъэнт ди нобэхэм лъэхъэнэ жыжьэхэм къыпхыIукI макъым и джэрпэджэжыр си деж къэсыну. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым телевиденэм къит нэтыным гуэрым хэту зэхызох: «Псалъэр пщы гуащэ Лопухинэ Наталье Владимир и пхъум идот...» Си тхьэкIумэм зэуэ къиуа псалъэхэм къыпызыщэ макъым жиIар нэхъ телъыджэж къысщагъэхъуащ: «Сэ къуэшэгъу пщышхуэ Ридадэ и щIэблэм сащыщщ...» Зэманыр къэувыIауэ къысщыхъуащ. Ридадэ пщышхуэм къытекIахэм я къуэпсыр къыщыщIидзэр ящыгъупщакъым, зэрыкъуэшэгъур ящIэж, я лIакъуэм иригушхуэу иропсалъэ...

Си фIэбэр мащIэу редакцэм и телефоныр къэзгъуэтри сеуащ, зи гугъу сщIа Лопухинэ Наталье кIэщI дыдэу сыпащIащ. Дызэпсалъэ щыхъум, «Хэгъэгу тхыдэм Лопухинхэ я лъэпкъым щиубыд увыпIэр» зифIэщыгъэтхылъышхуэркъызэрыдагъэкIар, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIа Краевский Борис Лопухин Олег и къуэ Вадим и архив гъэтIылъыгъэшхуэр къызэригъэсэбэпар къызжиIащ. 2001 гъэм а тхылъыр Мэзкуу къалэм дэт, урысей лIакъуэлIэшхэмрэ уэркъхэмрэ я зэхуэсым и унафэщIым и къуэдзэ Лопухин Вадим и хъуэхъу псалъэ тетхауэ къысхуигъэхьауэ щытащ. «Ридадэ» романым сыщелэжьым, къуэшэгъупщым и щIэблэм щыщ гуэрхэм саIущIэнуми, псэлъэгъу-уэршэрэгъу схуэхъунуми хэт и гугъэнт?...

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу Кремлым драгъэблагъэри, зэIущIэ дыхэтат. Си насып кърихьэкIри, Франджым къикIауэ зэгуэр уей-уей жезыгъэIа Черкасскэ Алексей и къуэрылъхум и къуэрылъхуж Черкасскэ Михаил нэIуасэ сыхуэхъуащ, зы Iэни дызэдыщысащ. «Уи къуэпсхэр къыщежьэм ущыгъуазэ, дауэ къыпщыхъурэ?» - жысIэу сыщеупщIым, адыгэлъ зэрыщIэтри, къызытекIыжахэм зэрыригушхуэри къыхэщу къызэпсэлъащ.

Си лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм сриплъэжурэ хэслъэгъуар си тхыгъэхэм къыщызоIуэтэж. Сызыхуэлажьэр тхыдэ щIэжыр щIэблэм къахузэтенэнырщ. Си тхыгъэхэр зауэрэ лъыщIэжкъым зэхьэлIар. Ахэр къэралым быдэу епха, бжыгъэкIэ мащIэми, си лъэпкъ дахэм, си лъэпкъ уардэм и тхыдэ лъэщымрэ и щэнхабзэ къулеймрэ ехьэлIащ. Адыгэхэмрэ Урысеймрэ илъэс 465-рэ хъуауэ дыкъызэдэгъуэгурыкIуэу жытIэми, нэхъапэжкIэ, Ридадэрэ Мстиславрэ щызэбэна лъэхъэнэ лъандэрэ щыIэныгъэм зэгъусэу дыкъыпхокI.

Адыгэхэм я гъащIэр 1557 гъэм Урысейм зэрырапхар захуагъэу икIи пэжу зэрыщытым гъащIэр мызэ-мытIэу щыхьэт техъуащ. Геополитикэ и лъэныкъуэкIи, цIыхум лъапIэныгъэу къилъытэ ныбжьэгъугъэм, щыпкъагъэм, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъун я лъэныкъуэкIи. Лъэпкъыбэу зэхэт Урысейм и щыIэныгъэр зэрыдэзгуэшым срогушхуэ.

*Зыгъэхьэзырар «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель*
**ТАБЫЩ Муратщ**.

**• Урысейм ХудожествэхэмкIэ и Академием и академик, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI ГъущIапщэ Арсен и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу**

# И IэщIагъэм хуэфащэ дуней тетыкIэ зиIэ









**ГъущIхэкIым, мывэм, ятIэм, пшахъуэм, пхъэм, нэгъуэщIхэми теплъэ дызэмысахэр, ауэ гупсысэр зыгъэлажьэхэр къыхещIыкI Арсен. Апхуэдэ дуней еплъыкIэ гъэщIэгъуэн зиIэр зырызщ. ГъущIапщэр ди зэманым и скульптор нэхъыфIхэм зэращыщыр куэдым я дежкIэ наIуэщ. Абы гупсысэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIа и IэрыкIхэм дунейм и щIыпIэ куэдым уащрохьэлIэ.**

*ГЪУЩIАПЩЭМ Суриков Василий и цIэр зэрихьэу Москва дэт СурэтыщI институтыр къиухащ. Диплом лэжьыгъэу абы ищIауэ щыта «ПсыхуэлIэ» лэжьыгъэм папщIэ СССР-м ХудожествэхэмкIэ и академием и дыщэ медалыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. 1991 гъэм Италием ягъэкIуэри щыIащ, и щIэныгъэм щыхигъэахъуэу.*

*ЩIыналъэ, урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм мызэ-мытIэу хэтащ абы и лэжьыгъэхэр. И IэдакъэщIэкIхэр щигъэлъэгъуащ Тыркум (Яловэ), Македонием, Истамбыл, Краснодар, Сочэ, Налшык, Мейкъуапэ къалэхэм.*

*ГъущIапщэм и IэдакъэщIэкI лэжьыгъэхэр Урысейм, Тыркум, Македонием, Франджым, Италием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу цIыху щхьэхуэхэм я коллекцэхэм хуэсакъыу щахъумэ.*

*Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа нэхъ лэжьыгъэшхуэхэм ящыщщ Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Налшык щагъэува «Псэ жыгыр», Лермонтов Михаил и фэеплъу Налшык, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэ зыгъэпсэхупIэм итыр, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Мэкъумэш университетым и япэ ректору щыта, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ФиIэпщэ Борис и фэеплъыр, Къейтыкъуэ тIуащIэ щекIуэкIа мазибл зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу а щIыпIэм щагъэува мывэ сыныр, Урыс-Кавказ зауэм и фэеплъу Истамбыл дэтыр, РСФСР-м, КъБАССР-м щIыхь зиIэ я артисткэ Шэру Соня и фэеплъыр, нэгъуэщIхэри.*

*«ЦIыху IэпщIэлъапщIэм Iэрыхьэмэ, псыхъуэм дэлъ мывэжьми уи сурэтыр къыхихыфынущ», - жаIэ. Мывэ къырым цIыху сурэт къыхэбгъэщыну мытыншыр пэжщ, ауэ абы цIыху гупсысэ къыщыбгъэлъэгъуэну, мывэр «къэбгъэпсэлъэну» нэхъ гугъужщ. Мывэхэх IэщIагъэм нэхърэ нэхъыжь гъуазджэм хэткъым. АтIэ, сыт хуэдэ зыужьыныгъэ щигъуэта абы ди зэманым? А упщIэм и жэуапщ нобэ ди псэлъэгъу ГъущIапщэ Арсен и IэдакъэщIэкIхэм я щIэупщIэ иныр, ахэр здагъэува щIыпIэхэр. МызэманкIэ абы ещI ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ цIэрыIуэ Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан и фэеплъыр. Аращ ди зэпсалъэр къызэрыщIэддзари.*

- Франджым и лIыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан и фэеплъым илъэс зыбжанэ хъуауэ солэжь, - жеIэ Арсен. - Иужьрей зэманым, Хьэгъундокъуэм и хъыбар нэхъыбэ къэIун зэрыщIидзэрэ (газетхэм къытрадзэрт, теленэтынхэр ящIырти), сфIэгъэщIэгъуэну сыкIэлъыплъырт. Апхуэдиз лIыгъэ къэзыгъэлъэгъуа адыгэ бзылъхугъэм и фэеплъ къалэм щагъэувыну хуэмыфащэу пIэрэ, жысIэри сегупсысат. Си закъуэкъым ар зигу къэкIар, си япэкIи жызыIа щыIэщ. Ауэ...

Еуэри, жэщ гуэрым лэжьыгъэр зэрысщIын хуейр си нэгум щIэту сыкъызэщыуащ. Арати, сытIысри, сурэтхэр сщIащ. ЖысIэну сыхуейщ мыр си жэрдэмкIэ къэсхьэжьа Iуэхуу зэрыщытыр. Фэеплъ скульптурэр ятIагъуэм къыхэщIыкIауэ си лъэщапIэм щIэту КъБР-м, Адыгейм я цIыхубэ сурэтыщI Шемякин (Къардэн) Михаил Налшык щыIэу си деж къыщIыхьати, абы гу лъитащ. Iуэхур зытетыр щыжесIэм, Елмэсхъан и фэеплъ Франджыми щыдгъэувыну, абыкIэ езыр къыздэIэпыкъуну сыкъигъэгугъат. КъищынэмыщIауэ, Нартсанэ (Кисловодск), Япэ дунейпсо зауэр щекIуэкIым Елмэсхъан уIэгъэ хъуахэм ядэIэпыкъуу здэщыIами абы и цIэр щагъэлъапIэ. Къалэ унафэщIхэр къызэлъэIуащ а скульптурэм хуэдэ яхуэсщIыну.

Фэеплъыр домбеякъым къыхэщIыкIауэ щытынущ. Хуэгъэфэщауэ метрищ, щырэ никъуэрэ хъунущ. Здэдгъэувыну щIыпIэм елъытащ и инагъынур.

Нэхъ ипэкIэ ди республикэм и тхьэмадэм лъэIу тхылъ хуедгъэхьауэ щытащ Республикэ клиникэ сымаджэщым Хьэгъундокъуэм и цIэр фIащу, абы и гупэм деж и фэеплъыр дагъэгъэувыну. Арэзы узыщI жэуапкъым къыдатар, ауэ иджыри а Iуэхум щхьэкIэ дылъэIуэну ди мурадщ. Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан къызэралъхурэ етIанэгъэ илъэси 125-рэ мэхъу. Мы бзылъхугъэм хуэфащэ пщIэ хуэтщIыну и чэзууэ къысщохъу.

**- СыщыуэнкIи хъунущ, ауэ Елмэсхъан и фэеплъ сыбгъэлъэгъуар «Анэ» фIэщыгъэм щIэту пщIы скульптурэхэм зыгуэркIэ ещхьщ.**

- Сэ си лэжьыгъэхэм псоми зэщхьу зыгуэр яхэлъщ. Ауэ мыр нэхъыбэу зэщхьыр Шэру Соня и фэеплъращ. Сэ ямылъэгъуауэ зы телъыджэ гуэр сщIыну зэи сыщIэхъуэпсыркъым, зы мащIэ гуэрым и купщIэ къызолъыхъуэ дапщэщи.

**- Гъуазджэм хэзымыщIыкIхэми ГъущIапщэ Арсен къезыгъэцIыхуар «Псэ жыг» лэжьыгъэ хьэлэмэтрауэ къысщохъу. Абы куэдрэ утепсэлъыхьагъэнщ, ауэ иджыри зэ и гугъу уэзгъэщIынут адыгэу дунейм тетым къызэдащта ди нэхъыжьхэм я фэеплъ «Псэ жыгым» къеэжьапIэ хуэхъуам.**

- Узахуэщ, «Псэ жыгращ» цIэрыIуэ сызэрыхъуар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, япэ дыдэу нэхъ лэжьыгъэшхуэу сщIауэ щытар аращ.

Зауэшхуэм, гуауэм ятеухуауэ фэеплъ гуэр щыпщIым и деж зы цIыхум и теплъэ наIуэу къэбгъэлъэгъуэныр щыуагъэщ, апхуэдэм деж дамыгъэ е гупсысэ зыщIэлъ гуэр пщIымэ нэхъыфIщ. Пэжым ухуеймэ, мыр Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу сщIатэкъым. «Псэ жыгым» а фIэщыгъэр иIэу сщIауэ щыIэт, мы Iуэхум хуэкIуэрти, апхуэдэу къекIэрэхъуэкIри, си лэжьыгъэр комиссэм хэтхэм къащтащ армыхъумэ.

«Псэ жыгыр» Iыхьит Iу зэхэтщ, зыр анэм, адрейр адэм и лъэныкъуэщ. «ЩIым къыхэкIри, хыхьэжащ», зэрыжаIэм хуэдэу, зы пкъым къыхэкIрэ адрейм хыхьэжу а сатыритIым къудамэ хырыхыр къыхокIри, лъэныкъуитIымкIи хохьэж. Ар ди адэжь-анэжьхэм я фэеплъу аращ. ЛIакъуиблкIэ укъызыхэкIар пщIэжу, благъагъэр пIыгъыу щытын хуейуэ адыгэм игъащIэми къилъытэркъэ?! Аращ жыгым къудамибл щIиIэр. Ебланэу къэтIэпI къудамэ цIыкIухэр - къэкIуэну щIэблэращ. Жыгым иIэ кумбыгъэ цIыкIухэр бынжэщ. Ар Iэпкълъэпкъыр зыхъумэ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ я зэпыщIэныгъэ къабзэщ. Мы фэеплъыр символым и гъэпсыкIэ хабзэм тету сщIащ. Мы гупсысэхэр сэ щIэслъхьа щхьэкIэ, ахэр псори зым имылъагъункIи хъунщ, сэ щIэслъхьа гупсысэм нэмыщI, нэгъуэщI гуэр хэзылъэгъуэни зэрыщыIэр си фIэщ мэхъу. Скульптурэм цIыху емыплъмэ, гупсысэ къыхимыхмэ, гъущIыкIэжьу аращ. Абы гупсысэм зриужьын, зригъэубгъун хуейщ, армыхъумэ цIыху теплъэ, сурэтым тепщIыкIыу, пщIынракъым нэхъыщхьэр.

«Псэ жыгым» гупсысэ зыщIэлъ, хабзэ къэзыгъэлъагъуэ нэгъуэщI зыгуэри дэщIыгъущ. Абы теувапIэ, къекIуэкIыпIэ лъагъуэ хуэсщIащ. Ар накъыгъэм и 21-м фэеплъым Iуэху зэрепщIэкIыфыну хабзэщ. ЦIыхур зэхуэса нэужь, тхьэмадэр япэ иту, сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ екIуэкIыу «Псэ жыгым» хуэкIуэу докIуейри, фэеплъым зэрынэсу, ижьымкIэ зегъазэри къохыж. Лъагъуэр зы лъэныкъуэмкIэ щыдокIуей, адреймкIэ къыщохыж. Ар лъэпкъ хабзэр щыбгъэлъагъуэ хъуну Iуэхущ.

Сочэ дэт Художественнэ музейм «Псэ жыгым» и зы лIэужьыгъуэ, сантиметр 60 хуэдиз хъууэ, ищэхуауэ зэрехьэ.

**- «Псэ жыгым» и лIэужьыгъуэ куэд, къызыхэщIыкIакIэ зэхуэмыдэу, дунейм къытехьауэ слъэгъуащ.**

- Апхуэдэ куэд щIауэ ящI. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ схуэхъуар сурэтыщI цIэрыIуэ, си ныбжьэгъу Црым Русланщ. Стиль къэсыхукIэ теплъэм зэрызихъуэж, къищтэ щытыкIэм укIэлъыплъыну гъэщIэгъуэнщ. Сэри мурад сщIащ «Псэ жыгым» апхуэдэу сеплъыну.

**- «Псэ жыгым» и зы лIэужьыгъуэ Истамбыл зэрыдэбгъэувам и гугъу уэзгъэщIынут.**

- Истамбыл дагъэувэну фэеплъ лэжьыгъэхэр къыщыхах дунейпсо зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкIырти, цIыху 500-м щIигъум я лэжьыгъэ ирагъэхьат, ягу ирихьу къыхаха лэжьыгъиплIым язщ «Псэ жыгыр». Скъар (мрамор) метрищым махуэ 21-м фэеплъыр къыхэсщIыкIыну си къалэнт. Гугъут, ауэ схузэфIэкIащ. Истамбыл и Картал хьэблэм щагъэуващ скъар хужьым къыхэщIыкIа «Псэ жыгыр». Хабзэм зэрыжиIэмкIэ, ар а щIыпIэм деж илъэскIэ щыта иужь, абы щыпсэухэм ягу иримыхьмэ, Iуахыжыну хуитщ. Илъэс нэужьым ирагъэкIуэкIа IэIэтымкIэ фэеплъыр къагъэнащ.

«Псэ жыгым» ехьэлIауэ сиIэ хъуэпсапIэхэм ящыщщ абы и лIэужьыгъуэ зэмыщхьэр адыгэ щыпсэу щIыналъэхэм, къалэхэм щызгъэувыну, ар здэщытыр зэхуэсыпIэу яIэну. Апхуэдэу ящIа проект дуней псом теткъым, ауэ абы и лъэныкъуэкIэ адыгэр япэ дищмэ, сыт ягъэ кIын?!

**- «Псэ жыгыр» япэщIыкIэ цIыху дзажэналъэхэм езгъэщхьат.**

- СыкъэпщIащ. Къаз тхыцIэ гъэщIэгъуэн гуэр къыспэщIэхуэри, абы сыпкърыплъыхьурэ сигу къигъэкIауэ аращ ар. ИужькIэщ абы щIыкIэ, гупсысэ пыухыкIа иIэ щыхъуар, ауэ гупсысэр къыщежьар пэжу дзажэналъэхэрат.

**- «Анэ» фIэщыгъэм щIэту пщIы скульптурэхэр къызэрымыкIуэу сигу ирихьащ, хуабагъэм и мэгъу къару гуэр яхэлъщ абыхэм.**

- Анэм теухуауэ япэ дыдэу сщIар гъущI хъар цIыкIум къыхэщIыкIаращ. Мэзло Эдуард иригъаджэ щIалэгъуалэм гъэлъэгъуэныгъэ ящIырти, сэри зыгуэркIэ сахэувэну сыхуейт. Бэзэрым сыкIуэщ, гъущI хъар пIащIабзэ къэсщэхури, а теплъэр асыхьэтым зэхэсIуэнтIат. ГъэщIэгъуэнракъэ, Екатеринбург дэт Художественнэ фондым ищI гъэлъэгъуэныгъэм ар илъэситхукIэ хигъэтащ. Кремлым щыщIэдзауэ Китайм нэс яшат а гъэлъэгъуэныгъэр. Академием и юбилейм ирихьэлIэу къыдигъэкIа сурэтылъэм ирагъэувэну яхуэзгъэхьа си лэжьыгъэхэм а зырат къыхахар.

**- Уи лэжьыгъэм сытым утригъэгушхуэрэ?**

- Абы щхьэусыгъуэ Iэджэ иIэщ. ЖысIэфынукъым пщэдджыжь къэс шей сызэрефэу скульптурэ щIыным яужь сихьэу. Лэжьыгъэ къэс езым и щхьэусыгъуэ, и къэкIуэкIэ иIэжщ.

**- Нэхъ къохьэлъэкIауэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ уиIэ?**

- КъызэхьэлъэкIа сиIэкъым. Нэхъыбэ дыдэрэ сщIар Шэру Соня и фэеплъращ. ИлъэситIкIэ селэжьат. Сэ сыщылажьэкIэ сурэт щIа хьэзырым тесщIыкIыжыркъым, ар зэрыхъун хуейр си нэгу щIэтщи, абы тету солажьэ.

**- Гу зэрылъыстамкIэ, уи лэжьыгъэхэм псэм гулъытэ хэха щыхубощI. Абы и щыхьэтхэм ящыщщ Къетыкъуэ тIуащIэм дэбгъэува фэеплъыр.**

- Пэжщ. Псом япэ къэхъури къанэри псэращ. «Псэм и гъуэгу» фэеплъыр 1779 гъэм Къетыкъуэ тIуащIэ щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэм хэкIуэда ди адэжьхэм я фэеплъщ.

Илъэс куэд щIауэ мы щIыпIэм цIыхухэр щызэхуэсурэ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу, Балъкъ псым мывэ къыхахыурэ самэу зэтралъхьэн щIадзащ, итIанэ мывэхэр хъурейуэ къекIуэкIыгъуищу къргагъэтIылъэкIати, иужькIэ сурэтыщI цIэрыIуэ Црым Руслан и чэнджэщкIэ, къекIуэкIыгъуэр блы ящIащ. Ар щыслъагъум, сытегушхуэри и кум ирагъэувэн фэеплъ яхуэсщIащ.

Фэеплъым и инагъыр метрищ мэхъу, мывэкъырым (гранитым) къыхэщIыкIащ, илъэсрэ никъуэкIэ селэжьащ абы. И щIыIур мафIэкIэ тезгъэлыгъукIыжащ. А фэеплъыр цIыхум и псэр щыхэкIкIэ зэрыкIыу къысщыхъу зэвыпIэрщ, ажалым и гъуэгур къигъэлъагъуэу аращ. Ар самыгъэгъэувыну илъэс зыбжанэкIэ къыспэщIэтахэри щыIэщ, ауэ дгъэуващ.

*ГъущIапщэм ищIауэ, ауэ иджыри ямыгъэуvауэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр иIэщ. Апхуэдэщ фэрэкIым (оспа) и хущхъуэ къэзыгъуэта адыгэ анэм и фэеплъыр, КIыщ Мухьэдин и цIэр зэрихьэу Налшык къыщызэIуаха галереем и гупэм деж (зэщхьэгъусэхэм я лъагъуныгъэр лъабжьэ хуэхъуу) щагъэувыну фэеплъыр, нэгъуэщIхэри.*

*Арсенрэ и щхьэгъусэ Балъкъыз Беллэрэ щIалитIрэ зы хъыджэбзрэ яIэщ. ЩIалитIыр Тыркум архитерктурэ университетым щеджащ. ЕхъулIэныгъэ яIэу мэлажьэ, къыхэгъэщыпхъэщ Налшык дэт Лъэпкъ музейр зэгъэпэщыжыныр а щIалэхэм дзыхь зэрыхуащIар.*

*Арсен и илъэс бжыгъэ дахэмкIэ дохъуэхъу, и мурадхэр къехъулIэну, езым и Псэ жыгым и лъабжьэр быдэрэ и щхьэкIэр лъагэу илъэс куэдкIэ лъэпкъым, и унагъуэм хуэузыншэну ди гуапэщ.*

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**




● Шхыныгъуэ

# Шэрджэс джэд гъэжьэкІэ

Инджылыз щІэныгъэлІхэу Салариа Дэвидрэ Теймс Ричардрэ къызэрахутамкІэ, мы ерыскъыгъуэр ебланэ лІэщІыгъуэм щыщІэдзауэ япщэфІ адыгэхэм. «Шэрджэсхэр Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм щыпсэу лъэпкъщ, аращ къызытекІар мы шхыныгъуэ сырым и цІэри - «Шэрджэсхэм я джэд гъэжьэкІэ», - щатх абыхэм я тхылъым, «Зэманым и шыфэлІыфэхэр. Ерыскъыр. Іэнэ пэрысыкІэр, пщафІэхэмрэ шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзырымрэ» зыфІащам.

Абы щхьэкІэ джэдыщІэмрэ и кІуэцІфэцІымрэ ягъэкъабзэ, кІуэцІфэцІыр и кІуэцІым иралъхьэжри, шыбжиипс щІыІэ шыуам щІигъанэу халъхьэ, и щхьэр тепІауэ щІыІапІэ сыхьэти 2 - 3-кІэ ягъэув, зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ. Абы и ужькІэ джэдыр къыхахыжри ягъэгъущ, тебэм шыбжиитхъу тІэкІу, джэд гъэгъущар иральхьэ, и щІыбыр егъэзыхауэ. Лъэныкъуэ псоми шыбжиитхъу фІыуэ щахуэри, хьэкулъэм ирагъэувэ икІи хьэзыр хъуху ягъажьэ.



А зэманым къриубыдэу шыбжиитхъумрэ шатэмрэ тІэущэ щахуэ, тхъуэплъ дахэ хъун щхьэкІэ. Хьэзыр хъуа джэдыр къырахыжри, зэрыпсоуэ е Іыхьэ-Іыхьэу зэпкърыхауэ Іэнэм трагъэувэ. Яшх пщтыру, пІастэ хуабэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр:***
джэду - 1,
шыбжиитхъуу - грамм 40,
шатэу - грамми 100,
шыбжиипсу - узыхуейм хуэдиз.

● И чэзущ

# Дыгъэгъазэ



**«Декабрь» псалъэр бжыгъэкІэ пщІы «децем» къытекІащ. Нэгумэ Шорэ щІымахуэпэ мазэу етх: «чимахопемазе». Иджырей адыгэбзэ макъ щІ-р Нэгумэм и тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ нэхъыбэм хьэрф ч-кІэ, иныкъуэми ш-кІэ.**

ЩІымахуэпэ мазэм щхьэкІэ иужьрей зэманым къэбэрдейхэми, адыгейхэми, Сирием щыпсэу адыгэхэми «дыгъэгъазэ» жаІэ. А псалъэм мыхьэнэшхуэрэ набдзэгудзаплъэ инрэ хэлъщ. Абы къокІ дыгъэм зигъэзауэ, махуэр нэхъ кІэщІ дыдэу, жэщыр нэхъ кІыхь дыдэу.

Дыгъэгъазэм и деж Вагъуэбэр щІым хыхьэжауэ, щІыр дыкъыу, дыгъэр и унэ кІуэжауэ ялъытэрт. ЩІымахуэ жэщ кІыхьым зыгуэрым и хьэщІэщым щызэхуэсурэ хъыбархэр, уэрэдхэр жаІэрт. МахуэкІэрэ уэс къалэхэр яухуэрт, джэгухэрт. Апхуэдэм псори хэтт.

● Фэ фщІэрэ?

## Дэ купщІэ гъэлыгъуар сэбэпщ

Махъсымэ, мэрэмэжьей ящІу къэна кІэрыхубжьэрыхухэри адыгэм къигъэсэбэпу щытащ: къапщтэмэ, ахэр я напэм щахуэрти кІэрагъэлът, дахэ ещІ, нэкІу къилъэлъхэр егъэкІуэд жаІэрт. Абы нэмыщІ псы хуабэкІэ зэІыпхыу зрибгъэпскІынуи сэбэпышхуэщ.

* * *

Жьэн уз зыпкърытхэм, зи тхьэмбылым щІыІэ хыхьахэм я дежкІэ сэбэпышхуэщ кІытэ защІэкІэ щІа махъсымэ ефэну, абы нэмыщІ, нэкІу зэлъам зрегъэукъуэдииж, нэхъ гъур уещІ, лъыри егъэкъабзэ.

* * *

Дэ купщІэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кІэтІийхэр егъэкъабзэ.

* * *

Нэмэзлыкъ ящІыр бжэныфэщ е адыгэ мэл цы пхъашэрщ.

* * *

Бысымхъуэж зыщІым чыцІ ажэ хуаукІыу щытащ. Абы къикІыр - бысымыр щыпхъуэжакІэ, аращ пхуэфащэр жаІэу ирагъэпуду арат.

* * *

Адыгэм пІэтІрэжан игъэкІыу щытакъым. Ар ишхмэ, цІыхум и Іэпкълъэпкъым шыгъу дещІэ жаІэрт.

* * *

Адыгэ тхьэлъэІум япэ дыдэу Іэнэм тралъхьэ хьэлыуэ, хъыршын, хьэлывэ.

* * *

Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъур зэрахьэркъым, абы щІэх щызэІохьэри.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Хъуэхъу

## Къаздэхъу Олег и юбилей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэмрэ аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Къаздэхъу Олег Гъумарбий и къуэм йохъуэхъу и илъэс 70 юбилеймкІэ.

Узыншагъэ быдэ, унагъуэ насып, берычэт куэду уиІэну ди гуапэщ!

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. ... собранэ екІуэкІащ. **3**. Ныкъусаныгъэ, сэкъат, щыщІэныгъэ, ... **5**. Гъатхэм пасэу, уэс телъу, щІым къыхэж удз гъэгъа хужь цІыкІу. **7**. Язынықъуэхэм уащытхъумэ, я гум ... щыпхуауэ къащохъу. **9**. Къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфІ **12**. МафІэ бзий къыдидзу, уафэм къыщоуэ. **13**. ІэщІагъэ «ІэфІ». **15**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **16**. Школым фІы дыдэу щеджэм ар хуагъэув. **18**. Уанэр пызымыгъэкІуэт фэ кІапэ. **21**. Лъахъстэн лІэужьыгъуэ. **22**. УэрэджыІакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист ... Ахьмэд.

***Къехыу:*** **1**. Газет, письмохэр здекІуалІэ, зейхэм Іэрызыгъэхьэж Іуэхущ̀ІапІэ. **2**. Пасэрей зауэлІ пыІэ. **3**. Япэ лъэпкъ газетыр - «Адыгэ макъыр» - къыдэзыгъэкІа ... Іэдэм. **4**. ЦІыхубзхэм зыкІэралъхьэ хьэпшып цІыкІу. **6**. Вагъэм къыщхьэщих бахъэ. **8**. ... пыІэ. **9**. Осетие Ищхъэрэм хиубыдэ, ди республикэм и гъунапкъэм пэгъунэгъу къуажэ. **10**. Іуэху мыублэ ... хэсщ. **11**. Хьэкум илъ пхъэ сахуэ. **14**. Мывэ блын задэ. **15**. ЕджакІуэхэм унэм щагъэзэщІэну ... иратащ. **17**. Адыгэш къабзэ. **19**. Щхьэхуимыту яІыгъ цІыху. **20**. А къэкІыгъэм кІапсэ къыхах.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.



***Дыгъэгъазэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Хьэкъурт; **3**. Бжьын; **4**. Кхъуейжьапхъэ; **5**. Шатэ; **6**. КІэтІий; **7**. Кхъуей; **8**. Бзэгу; **9**. Фошыгъу; **10** Нартыху; **11**. Хьэиуэ; **12**. ПІастэ.
***Къехыу:*** **2**. Къубатий. **8**. Борис.

● ГушыІэ

## УнафэщІ Къасбот

Щхьэбаринэ Къасбот къуажэ псом я унафэщІт. Ауэ ар езым и унагъуэм щыпыпхэт. Абы и фызым бжьыпэр фІиубыдати, бэуапІэ къритыртэкъым. Иджы фызым и унафэкІэ унагъуэр псэурт. Къасбот и къуажэгъухэр а Іуэхум икъукІэ фІыуэ щыгъуазэти, щІэх-щІэхыурэ къызыпхагъэІукІырт: «Зи унагъуэм унафэ хуэзымыщІыжыф цІыхур къуажэ псом я Іэтащхьэу ягъэувауэ драгъэукІ!» АпщІондэху лІыр бампІэм ихьырт.

Къасбот и фызым иужь дыдэу иджыри зэ епсэлъэжыну мурад ищІащ.

– Сэ сылІщ, ныбжькІи зы хьэнтхъупс шынакъкІэ сынэхъыжьщ, апхуэдэ щыхъукІэ, унагъуэм унафэщІу исын хуейр сэращ. Унагъуэм унафэщІитІ ис зэрымыхъунур зыщумыгъэгъупщэ! Аращ къуажэ къэс, район къэс, область къэс зы унафэщІ фІэкІа щІамыгъэуври!

- Уэри зыщумыгъэгъупщэ, тІасэ цІыкІуу сиІэ, а унафэщІхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и пщэ дэлъ къалэныр щыхуземыхьэм деж, зэрыщхьэпрагъэдзыр. Ар зыуэ. ЕтІуанэрауэ, уэ къуажэ псо щыпхузехьэфкІэ, сэ ди унагъуэ цІыкІу закъуэм и унафэ схуэмыщІыну щхьэ шэч къытепхьэрэ?..

Абы иужькІэ, кууэ хэщэтыкІри, Къасбот и ІитІыр иІэтыпащ...

● Щэнхабзэ

# ЗэчиифIэхэр Мейкъуапэ щызэхохьэ

**Адыгэ Республикэм щекIуэкIащ Адыгэ щэнхабзэм и X дунейпсо фестиваль. Мы гъэм ар траухуат АР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум. Зэхыхьэр я нэIэ щIэту ирагъэкIуэкIащ АР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ хэгъэгум Лъэпкъ щэнхабзэмкIэ и центрымрэ.**





ФЕСТИВАЛЫМ и мыхьэнэ нэхъыщхьэр лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI щэнхабзэр хъумэнырщ, къыдэкIуэтей щIэблэр абы щIэпыкIынырщ, адыгэ уэрэдыжьхэр зыфIэфIхэмрэ жызыIэфхэмрэ утыку къишэнырщ, адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр «къэгъэпсэужынырщ», лъэпкъ къафэхэр гъэлъэгъуэнырщ. Апхуэдэуи фестивалыр зыхуэхахэм ящыщщ лъэпкъ IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэхыхьэм щыгъэлъэгъуэныр, декоративно-прикладной гуазджэр адыгэхэми къызэрагъэIэрыхуэфыр хьэкъ щIыныр.

Щэнхабзэ зэхыхьэм хэтащ Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм, адыгэ щыпсэу хамэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр.

Иорданием, Израилым, Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъухэр пэIэщIэу хэтащ Iуэхум, я видеотеплъэгъуэхэр нэхъ пасэу кърагъэхьри. Мейкъуапэ щызэIущIэну Iэмал гъуэзэджэ яIащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм щыщ цIыху зэчиифIэхэм. Фестивалым хэтащ Абхъаз Республикэм къикIахэри.

- Мыпхуэдэ Iуэху дахэр адыгэ зэрыс республикищыр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу зэрекIуэкIым хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэщ. Дэри къызэрымыкIуэу ди гуапэщ нэгъуэщI хэгъэгухэм, къэралхэм къикIа хьэщIэхэр ди щIыгум къыщедгъэблэгъэну, псом хуэмыдэу ди лъэпкъэгъухэм я зэфIэкIым дыкIэлъыплъыну, - жиIащ АР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Кушу Светланэ.

Фестивалыр къыщызэIуахым хэтащ «Налмэс» къэрал академическэ къэфакIуэ гупыр, лъэпкъ къафэхэмрэ уэрэдхэмкIэ «Ислъэмей» къэрал ансамблыр, «Уэщадэ» зэгухьэныгъэр, нэгъуэщIхэри.

Фестивалым щагъэлъэгъуа теплъэгъуэ гукъинэжхэм ящыщщ декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ IэщIагъэлIхэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэр. Адыгейм щыщ ЛIышэ Ахьмэд пхъэм хуэIэпщIэлъапщIэщ, абы щIалэм къыхещIыкI сурэтхэр, саугъэтхэр, макъамэ Iэмэпсымэхэр, нарт хъыбархэм къыхэщыж лIыхъужьхэр. КъищынэмыщIауэ, пасэм адыгэхэм я псэукIар, къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр, жьэгур, нэгъуэщI куэди щигъэлъэгъуащ фестивалым. Абы и лэжьыгъэхэр цIыхухэм ягу дыхьахэм ящыщщ. Псом нэхъэрэ нэхъыщхьэращи, Ахьмэд и Iэзагъым хуегъасэ жэрдэм иIэу зыкъыхуэзыгъазэ псори.

- Си лэжьыгъэхэм нэхъ къыхэзгъэбелджылыкIри лъабжьэ яхуэсщIри шабзищым я философиерщ, - жеIэ ЛIышэ Ахьмэд, - абы адыгэ зэхэтыкIэр къегъэлъагъуэ, цIыхугъэр, акъылыр, пщIэр зэрипхыу.

Мы гъэм фестивалым нэхъ бей зыщIахэм ящыщщ АР-м и илъэсищэм ирихьэлIэу къагупсыса «УсакIуищэм я усищэ» Iуэхур. Ар гъатхэпэм ирагъажьэри, Адыгейм и мызакъуэу, Урысейм и нэгъуэщI хэгъэгухэми щыщ цIыхухэр адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм къеджэу видео къагъэхьащ. Ахэр кърагъэувващ Лъэпкъ библиотекэмрэ Лъэпкъ щэнхабзэмкIэ центрымрэ я сайтхэм. Абы нэхъыфIхэр къыщыхахри, текIуахэр фестивалым щагъэлъэпIащ.

А махуэхэм нэгу зегъэужь программэм нэмыщI, мастер-классхэр екIуэкIащ, гуазджэм, щэнхабзэм дихьэх, ирилажьэ цIыху зэчиифIэхэр зэчэнджэщащ.

Къапщтэмэ, зэхыхьэм цIыху 326-рэ кърихьэлIащ, пэIэщIэу Iуэхум хэтащ Иорданием, Израилым, Тыркум, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ цIыхуи 132-рэ.





Иужьрей махуэм фестивалым зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуа псори хэту гала-концерт екIуэкIащ. ИкIи Iуэху дахэр адыгэ джэгушхуэкIэ зэхуащIыжащ.

Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр илъэситIым зэ щокIуэкI Адыгейм. Абы хэтхэм зэрыжаIэмкIэ, зэхыхьэм мыхьэнэшхуэ иIэщ адыгэ щэнхабзэр лъагапIэхэм хуэкIуэнымкIэ, цIыху зэчиифIэхэр зэрыцIыхунымкIэ, хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм ис адыгэхэм я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэнымкIэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Медалхэр щагуэшыну кIэух джэгугъуитI къытпоплъэ

**Мазэм нэблэгъауэ Катарым щекIуэкI зэхьэзэхуэр пщэдей еух. Нобэ сыхьэт 18-м щIидзэнущ ещанэ увыпIэм щхьэкIэ Хорватиемрэ Мароккэмрэ щызэпеуэну зэIущIэр. Пщэдей апхуэдэ зэманым дуней псом и чемпион хъуамрэ етIуанэ увыпIэр къэзыхьамрэ Франджымрэ Аргентинэмрэ я кIэух зэIущIэм къигъэлъэгъуэнущ.**

ИДЖЫ дигу къэдгъэкIыжынщ нэхъ лъэрызехьэу къыщIэкIа, пашэныгъэм щIэбэныну мы командитIым я джэгугъуэ хырыхыр зэрырагъэкIуэкIар:

**Франджы** - Инджылыз - 2:1, Польшэ - 3:1, Тунис - 0:1, Дание - 2:1, Австралие - 4:1, Мароккэ - 2:0;

**Аргентинэ** - Сауд Хьэрып - 1:2, Нидерландхэр - 2:2, Австралие - 2:1, Польшэ - 2:0, Мексикэ - 2:0, Хорватие - 3:0.

Дыщэ медалхэм щIэбэныну Аргентинэмрэ Франджымрэ хуитыныгъэ къезыта иужьрей джэгугъуэхэм ятеухуауэ.

● Футбол



Япэу, гъубж кIуам, зэIущIащ ещанэу дунейпсо чемпион хъуным щIэбэн командэмрэ иужьрей зэпеуэу ди къэралым щекIуэкIам етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа Хорватиемрэ. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, мы тIур хэнейрэ зэдэжэгуати, щэм Аргентинэм текIуэныгъэ къихьащ, зэм хэнащ, тIэу зэрытемыгъэкIуэу иухащ. Мы иужьрей зэIущIэм къыщыхэжаныкIащ футболист нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ зыуэ къалъытэ Месси Леонель. 34-нэ дакъикъэм хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм, метр 11 тезырыр къигъэсэбэпу, топ дигъэкIамкIэ бжыгъэр къызэIуихащ. Абы иужь футболистхэри нэхъ тегушхуауэ джэгу хъуащ, дакъикитху нэхъ дэмыкIыуи, Альварес бжыгъэр 2:0 ищIащ. Месси и сэбэпынагъкIэ 69-нэ дакъикъэм Альварес аргуэру Хорватием я гъуэм зы топ дигъэкIри, 3:0-у джэгур иухащ. ЦIыху мин 90-м нэблагъэ стадионым къызэрекIуэлIам наIуэу къегъэлъагъуэ зэIущIэм иIа мыхьэнэмрэ и гъэщIэгъуэнагъыр зыхуэдэу щытамрэ.

КIэлъыкIуэ махуэм, бэрэжьейм, зэхуэзащ пашэныгъэм иджыри щIэбэн, Урысейм ижьрейуэ щызэхэта чемпионатым япэ увыпIэр къыщызыхьа Франджымрэ япэ дыдэу командэ нэхъыфIиплIым хыхьэн зыхузэфIэкIа Мароккэмрэ. Мыбыи еплъыну стадионым къекIуэлIа дэщIакIуэхэм я бжыгъэр мащIэу пхужыIэнутэкъым - цIыху мин 70-м нэблагъэт. КIэух зэIущIэр дапхуэдэу иухми, еплIанэ увыпIэм фIэкIа къимыхь хъужыкъуэми, зыри зыщымыгугъа ехъулIэныгъэшхуэу къэплъытэ хъунущ Мароккэм, псом хуэмыдэу и гъуащхьэтет Буну Яссин, зэфIэкI къигъэлъэгъуар.

Аращи, деплъынщ нобэрэ пщэдейрэ екIуэкIыну зэIущIитIым. Шэч хэлъкъым ар гъэщIэгъуэну зэрыщытынум.

**ШАФИЙ Аслъэн.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.748 • Заказыр №2531

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинын и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А